

Kenbe pitit ou ansekirite sou entènèt

Yon gid rapid pou paran nan epòk dijital la

Rezo sosyal

Anseye bon konpòtman sou entènèt: Ede pitit ou a konprann tout sa li poste sou entènèt kapab rete pou toutan. Ankouraje yo pou yo janti, panse avan yo poste, epi kesyone si sa yo wè a vre oswa fo.

Kenbe liy konvèsasyon an ouvè: Fè pitit ou a konnen li ka vin pale avèk ou si li wè yon bagay sou entènèt ki fè li santi li enkonfòtab. Kreye yon espas pou yo ka santi yo ansekirite pou pataje eksperyans yo.

Mete bon paramèt anplas:

- Anpil telefòn ak tablèt gen zouti pou ede paran fikse limit sou tan pou pase sou ekran, bloke kèk kontni, epi kontwole ki app ki yo kapab downloaded.
- Asire w pwofil pitit ou a konfigire avèk vrè laj li pou app la ka filtre kontni ki pa apwopriye pou laj li.
- Fèmen sèvis lokalizasyon yo sofsi sa vrèman nesèsè - epi sèlman avèk pèmisyon w.

Jwèt videyo

Tcheke klasman yo: Avan pitit ou a jwe yon jwèt, gade klasman laj yo ak kontni. Asire w li apwopriye pou laj li.

Fikse limit tan: Ede pitit ou a balanse jwèt video avèk lekòl, dòmi, fè egzèsis ak pase tan an fanmi. Ankouraje pastan ak aktivite ki diferan.

Konnen avèk ki moun y ap jwe: Si pitit ou a jwe jwèt video sou entènèt, konnen avèk ki moun l ap jwe. Pale sou kòman pou l se yon moun pozitif, kòman pou idantifye entimidasyon sou entènèt (cyberbullying), epi kòman pou bloke ak rapòte move konpòtman.

Anseye sou vi prive

Anseye pratik modpas solid depi byen bonè: Montre pitit ou a kòman pou kreye modpas ki solid lè yo mikse lèt, nimewo ak senbòl pou kreye l. Eksplike l modpas ki senp pa gen sekirite, epi itilize men m modpas la pou tout bagay gen risk.

Pale sou kenbe modpas yo konfidansyèl: Anseye pitit ou a pou l pa pataje modpas li avèk pèsonn, menm zanmi. Ede yo konprann si yon moun antre sou kont yo, yo ka pèdi aksè nan kont lan, oswa yo ka pataje oswa itilize enfomasyon pèsònèl yo pou move bagay.

Jwen plis enfomasyon nan schools.nyc.gov/digitalcitizenship